



COVID-19

Pwoteje Tèt Ou nan Rasanbleman ak Foul

Depatman Sante Florid • FloridaHealth.gov

Otorite sante piblik yo sijere anilasyon rasanbleman ki gen plis pase 10 moun ak rasanbleman pi piti ki ka reyini moun ki sòti nan plizyè zòn Ozetazini.

Rasanbleman ak foul egziste nan lòt kote tou—tankou travay oswa magazen yo—li enpòtan pou rete 6 pye lwen lòt moun.

Limite entèraksyon si ou gen 65 lane oswa plis epi ou gen pwoblèm sante alabaz oswa kwonik: sistèm iminitè febli, dyabèt oswa maladi kè oswa nan poumon.

Konnen Kijan pou Pwoteje Tèt Ou nan yon Foul

Kenbe Men Ou Pwòp



Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan 20 segonn omwen. Jete sèvyèt papye ize yo nan fatra.

- Lave ou apre ou sot nan twalèt, anvan ou manje, epi apre ou fin mouche nen ou, touse oswa etènye.
- Lave ou apre ou fin manyen yon moun.

Si ou pa gen savon ak dlo, sèvi ak yon dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen 60% alkòl oswa plis.

Touse ak etènye nan koudbra ou ki pliye oswa nan yon klinèks. Jete klinèks ize yo nan fatra.

Kenbe Omwen 6 Pye Distans Ant Oumenm ak Lòt Moun



Limite entèraksyon yo:

- Evite fè acha nan èdtan ankonbreman yo epi pwofite de sèvis pou fè livrezon oswa pou vin chèche.
- Evite transpò piblik.
- Evite zòn ki gen epidemi aktif.
- Mande travay ou si ou ka travay adistans.
- Pa bay lanmen kòm salitasyon sosyal.

Konnen Kilè pou Pwoteje Foul la

Evite Kite Kay Ou Si Ou:



- Te an kontak avèk yon moun ki gen oswa ki petèt gen COVID-19.
- Te vwayaje aletranje nan kote ki gen avètisman nivo 3 oswa te vizite yon zòn kote transmisyon COVID-19 gaye toupatou pandan 14 dènye jou yo.
- Te ekspoze ak yon moun ki gen maladi respiratwa nan 14 jou ki sot pase yo.
- Gen aktyèlman lafyèv, tous oswa yon malgòj.